

## Bagay mwen bezwen konnen sou Vizit mwen Jodi a

Si mwen pa gen asirans, ak ki moun mwen ka pale jodi a?

Espesyalis enskripsyon: \_\_\_\_\_

# Telefòn: \_\_\_\_\_

Ki sèvis mwen pral resevwa pandan vizit sa a?

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Ki jan mwen ka konnen si ka gen lòt frè pou mwen peye? Non plan asirans la:

\_\_\_\_\_

# Benefis ak Reklamsyon ou yo:

\_\_\_\_\_

Si mwen gen preskripsyon, ki kote mwen ka ale chache yo?

\_\_\_\_\_

Kilè m ap bezwen retounen nan sant sante sa a?

\_\_\_\_\_

Ki moun mwen ka rele si mwen gen lòt kesyon?

\_\_\_\_\_

## INSURANCE COMPANY NAME

## COVERAGE TYPE

MEMBER NAME: JOHN DOE  
MEMBER NUMBER: XXX-XX-XXXX

EFFECTIVE DATE: XX-XX-XXXX

GROUP #: XXXXX-XXX-XXX

PRESCRIPTION GROUP #: XXXXX

PCP CO-PAY: \$15.00

SPECIALIST CO-PAY: \$25.00

EMER. ROOM CO-PAY: \$75.00 **1**

PRESCRIPTION CO-PAY:

\$15 GENERIC

\$20 NAME BRAND **3**

MEMBER SERVICES: 1-800-XXX-XXXX

CLAIMS/INQUIRIES: 1-800-XXX-XXXX **2**

1. Ko-peman pou vizit doktè prensipal, espesyalis, ak sal ijans
2. Nimewo Telefòn pou rele pou kesyon yo
3. Ko-peman pou medikaman doktè preskri

## Enfòmasyon pou Kontak

Adrès:

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Faks: \_\_\_\_\_

E-mail: \_\_\_\_\_



## Ki Kesyon Pou Mwen Ta Dwe Mande Sou Asirans Sante Mwen?

**Si fanmi mwen ak mwen menm pa gen asirans sante, èske nou ka anwole jodi a?**

Ou ka anmezi pou anwole jodia, men li enpòtan pou ou chèche konnen ki lè plan pwoteksyon ou an ap kòmanse. Pandan tan sa a, ou ka kalifye pou pwogram rabè sou frè nan sant sante a. Ou ka mande pou pale ak yon espesyalis enskripsyon nan sant sante a pou w konnen opsyon ou yo.



## Ki sa asirans sante mwen pral kouvri pandan vizit sa a?

Pifò plan asirans sante dwe kouvri sèvis ke yo konsidere kòm benefis swen sante. Kèk nan sa yo gen ladan:

- sèvis prevantif ak byennèt ak jesyon maladi kwonik
- swen pedyatrik, yo gen ladan dantè ak vizyon sèvis ijans
- entèn lopital (tankou operasyon ak pase nwit nan lopital la)
- gwosès, matènite ak swen tibebe ki fenk fèt (tou de anvan ak apre nesans)
- sèvis sante mantal
- preskripsyon medikaman
- sèvis laboratwa

Li enpòtan pou ou revize ak konprann rezime benefis plan asirans sante ou anvan vizit ou a. Ou ta dwe kontakte Depatman Benefis ak Reklamasyon pou plan asirans sante ou a ak nenpòt kesyon sou konbyen sèvis ou yo ap koute ou. Nimewo pou ou rele yo ta dwe sou kat asirans sante ou.



## Konbyen vizit mwen pral koute mwen?

Menm si sèten nan sèvis yo kouvri pa asirans sante ou, ou ka toujou gen pou ou peye yon ko-peman. Yon ko-peman se kantite lajan ou peye anplis de sa asirans sante ou a kouvri nan moman vizit ou a. Ko-peman a ekri devan sou kat asirans sante ou la.

## Èske gen frè adisyonèl mwen pral oblije peye apre vizit la?

Tou depan de plan asirans sante ou ak sèvis ou te resewa pandan vizit ou, ou ka oblije peye plis pase co-peman ou a. Plan asirans sante ou ka gen yon dediktib, yon kantite lajan ou oblije peye anvan plan asirans sante ou a kòmanse peye. Rezime benefis plan asirans sante ou a ap gen plis enfòmasyon detaye.

## Èske mwen gen pou mwen peye lajan siplemantè pou medikaman mwen yo?

Asirans sante ou a pral kouvri pifò preskripsyon yo, men ou ka oblije peye yon ko-peman depann sou medikaman an.



## Si mwen bezwen wè yon espesyalis, konbyen mwen pral peye?

Pri yon espesyalis pral depann de plan asirans sante ou genyen an ak konbyen dediktib ou ye. Gen kèk doktè ki pral gen yon akò avèk plan asirans sante ou, e sa rele “nan-rezo”. Ko-peman pou yon espesyalis nan “rezo ou” ap enprime sou kat asirans sante ou. Ou kapab tou itilize doktè andeyò rezo sa a, men pral gen lòt frè pou ou peye anplis. Li ta pi bon pou ou konfime avèk plan asirans sante ou ke doktè ou a “nan-rezo an” anvan ou fè yon randevou. antes de haca su cita.

## Èske mwen ka itilize asirans sante mwen si mwen al abite yon lòt kote?

Si ou deplase, ou ta dwe kontakte plan asirans maladi ou gen kounye a pou wè si gen yon sant sante lokal nan nouvo kote ou prale a ki kouvri pa asirans sante ou. Ou gen opsyon tou pou enskri nan yon nouvo plan asirans sante ki pral kouvri swen ou nan nouvo kote ou ye a. Sonje, si ou ale nan doktè ki soti nan rezo plan ou a, ou ka gen pi gwo co-peman ak lòt depans.